Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

...(б)-м я Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ 75 (2302) Щэбэт, июлым и 1-м 1944 гъ. И уас. кI. 20

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Армиям и генерал МЕРЕЦКОВЫМ

Карельскэ фронтым и дзэхэм, Онега гуэлым и ...хьэпIэ псыIуфэ лъэныкъуэм деж десант ирагъэ...сыкIу бийр къаухъуреихьыным щхьэкIэ ирагъэ...кIэ маневр инхэм къыхэкIкIэ, немецкэ-финскэ ...рыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ Карело-Фин...скэ Республикэм и столицэ—город **Петрозаводск**, ...род икIи гъущIгъэгу станция **Кондопога** къащташ, ...кIэрэ бийм къанэ щымыIэу, икIыхьэгъыхэкIэ ...щIагъэкIыжащ Кировскэ (Мурманскэ) гъущI...гуэгур.

Петрозаводск хуит къэщIыжыныгъэмкIэ нэхъ ...хъэфIхэр къагъэлъэгъуахэщ 1-рей рангым и ка...тан **Антонов**, 2-рей рангым и капитан **Крохин**, ...питан-лейтенант **Ельников**, 3-рей рангым и капи...тан **Никулин**, капитан **Молчанов** сымэ я морякхэм; ...енерал-лейтенант **Гореленко**, генерал-майор **Сопенко**, ...олковник **Цыганков**, полковник **Алексеев**, подпол...ковник **Пильщиков** сымэ я дзэхэм; полковник **Гло...** и артиллеристхэм; полковник **Иванчихин** и сапер...ск, 2-рей рангым и капитан **Рождественский** и ...нистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным ...хьэкIэ, Петрозаводск хуит къэщыжьыныгъэ зауэ...м деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соедине...нхэмрэ частхэмрэ **„Петрозаводскэхэщ"** жэуэ цIэ...р фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу ...хьувын.

Нобэ, июным и 29-м, сыхьэт 22-м деж ди Ро...инэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют ...тыр, Карело-Финскэ Республикэм и столицэ—**...трозаводск** хуит къэзыщIыжа Карельскэ фронтым ...дзэ лIыхъужьхэм—топ щищрэ тIощIрэ плIырэр ...щIрэ плIырэкIэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, ...трозаводск хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэта, Фэ ...щэлъ дзэхэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр**.

МыкIуэдыжыну щытхъу, ди Родинэм и хуитыны...мрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэ...хэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

Ирелiэ немецкэ-финскэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ
Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН

Июным и 29-м 1944 гъэм.

ХЬЭБЭЗ,
Черкесскэ Автономнэ область

КП(б)-м и райкомым и секретарь тов. ШИДОКАЕВЫМ

Сталинград зэфIэгъэувэжыным щхьэкIэ сом мин ...5 къыхэзыдза икIи Сталинград и рабочэхэм щхьэ...ирискъыхэр езыгъэша Хабезскэ районым и гуа...рыпсэухэм си къуэш сэламрэ ССР Союзым и ...вительствэм и фIыщIэ гуапэрэ схуетыж.

И. Сталин

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июным и 29-м и оперативнэ сводкэ

Карельскэ фронтым и дзэхэм **Онежскэ** гуэлым и къухьэпIэ Iуфэм деж хуабжьу къаухъуреихьыныгъэр десант ирагъэтIысэхахэм ирагъэкIуэкIа зауэхэм къыхэкIкIэ, немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ Карело-Финскэ ССР-м и столицэ город **Петрозаводск**, къащташ город икIи гъущIгъуэгу станц **Кондопога**, абыкIэрэ бийм къыIэщIагъэкIыжащ Кировскэ (Мурманскэ), гъущIгъуэгур и кIыхьгъэкIэ. **Медвежьегорск, Онежскэ, Ладожскэ** гуэлхэм и зэхуакум и къухьэпIэ, ипщэ лъэныкъуэхэмкIэ наступлением зырагъэубгъукIэрэ, фронтым дзэхэм къащташ къуажэхэу **Евгора, и 2-я Кумса, Мяндусельга, Палад, Ламба, Верхняя** и **Нижняя Деревяная, Афанасьева—Гора, Пуску-Сельга, Чимоила, Киму-Сельга.**

Полоцкэ направлением деж ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, зауэкIэ къащташ Витебскэ областым и районнэ центр городхэу, **Ушачи, Ветрино**, абы хуэдэ къабзу къащташ нэмыщI къуажи—150-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр **Лысая, Волюшина, Островяне, Туржец 1-й, Воронеч, Орехово, Кубличи**, гъущIгъуэгу станц **Ветрино**. Ди дзэхэм гъущIгъуэгу **Полоцк-Молодеяно** зэпаупщIащ.

Минскэ направлением деж ди дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукIэрэ, зауэкIэ **Березина** псым икIахэщ город **Борисов** и ищхъэраIуэкIэ участкэм километрэ 60 икIыхьэгъыу, къащташ къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр **Рожно, Домженицы, Переходцы, Бараны, Крацевичи, Холхолец, Кишино-Слобода, Бытча, Житьков, Млехово, Мужанка.**

Город **Могилев** и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ ди дзэхэм, бий икIуэтыжыр яхукIэрэ, километрэ 35-м нэс ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащташ къуажэ 500 м щIигъу, абыхэм ящыщу Могилевскэ областым и районнэ центр город **Белиничи**, къуажэшхуэхэу **Тетерин, Головчин, Олешковичи, Осовец, Калиновка, Техтин, Большие Белевичи, Количенка, Золотва, Городец, Долгое**, гъущIгъуэгу станцхэу **Вендриж, Сушуковичи, Друть** псым и участкэ заулхэм деж ди дзэхэр зэпырыкIахэщ.

1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм июным и 29-м ебгъэрыкIуэхэри къащташ город икIи гъущIгъуэгу станцышхуэ **Бобруйск**, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащташ нэмыщI къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр **Свислочь, Октябрь, Ясень, Дараганово, Мезовичи, Кринка, Солон, Макоричи, Гостино, Зеленьки, Заболотье**, гъущIгъуэгу станцхэу **Ясень, Табарка, Деревцы, Дараганово. Бобруйск** районым деж ди дзэхэм къаухъуреихьауэ щыта немецкэ группировкэр зэтраукIэн яухащ. Къаухъуреихьа бийм и группировкэр щагъэкIуэдым щыгъуэ, **яукIахэщ** немецкэ солдат офицерхэу мин—16 м щIигъу, **плен къащIащ** немецкэ солдат, офицерхэу мин 18.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 28-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронтхэм деж немецкэ танкхэу 278-рэ зэхакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 71 къыраудыхащ.

Бийм хэкIуэдыкIыныгъэу ирихьэкIамрэ 3-рей Белорусскэ, 1-рей Прибалтийскэ фронтхэм я дзэхэм июным и 23-м къыщыщIэдзауэ июным и 27-м нэсыхункIэ наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам и кIуэцIкIэ къащта трофейхэмрэ

3-рей Белорусскэ фронтым и дзэхэм армиям и генерал Черняховский и командованиекIэ, наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам къыхэкIкIэ, июным и 23-м къыщыщIэдзауэ июным и 27-м нэсыхункIэ, бийм мы къэкIуэну удынхэр и цIыху къарумрэ техникэмрэ ирахащ:

Зэхакъутахэщ: танкхэу, езыезыру зекIуэ топхэм хуэду—126, топ калибр зэщымыщхэу—796, минометуэ—290, пулеметуэ—2852, автомашинэуэ—1840. Бийм и солдат, офицерхэм я хьэдэу зауэ здекIуэкIа губгъуэм къыринащ мин 32-м щIигъу.

А зэманым ирихьэлIу **3-рей Белорусскэ** фронтым и дзэхэм къащтахэщ мы къэкIуэну трофейхэр: танкуэ—36, езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—33, топ калибр зэщымыщхэу — 652, минометуэ—514, пулеметуэ—1774, фоч, фочышэхэу—13.380, радиостнцуэ—163, автомашинэуэ—3.300, тягачуэ—25, паровозуэ—32, вагонуэ—1540, шыуэ—2 266, боеприпас, вооружение, снаряжение, ирискъы щIэлъхэу склад—225.

Плен къащIащ немецкэ солдат мин 20-м щIигъу, офицерхэу 300-м щIигъу, абыхэм ящыщу 53-рей армейскэ корпусым и командир инфантерием и генерал **Голльвитцер**, 206-рей ПД-м и командир генерал-лейтенант **Хиттер**, 53-рей АК-м и штабым и начальник полковник **Шмидт.**

Абы хуэдэу, **3-рей Белорусскэ** фронтым и дзэхэм ирагъэкIуэкIа наступательнэ зауэм и кIуэцIкIэ немецхэм хэкIуэдыкIыныгъэу и цIыху къарумрэ и техникэмрэ ирахьэкIар мэхъур: плен къащIауэ икIи укIыгъэу—мин 52, танкхэу, езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—195, топ калибр зэщымыщхэу — 1448, минометуэ—804, пулеметуэ—4.626, автомашинэу—5.140.

* * *

1-рей Прибалтийскэ фронтым и дзэхэм армиям и генерал **Баграмян** и командованиекIэ наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам и кIуэцIкIэ, июным и 23-м къыщыщIэдзауэ июным и 27-м нэсыхункIэ, бийм мы къэкIуэну удынхэр и цIыху къарумрэ техникэмрэ ирахащ:

Зэхакъутахэщ: танкхэу, езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—269, топ калибр зэщымыщхэу—252, миномет—170, пулеметуэ—1.009, автомашинэуэ—1.026. Бийм и солдат, офицерхэу мин 20 м щIигъу укIыгъэ къудейуэ хъуащ.

А зэманым ирихьэлIу **1 рей Прибалтийскэ** фронтым и дзэхэм **къащтахэщ** мы къэкIуэну трофейхэр: танкхэу—31, топ калибр зэщымыщхэу — 374, минометуэ—156, пулеметуэ—1.093, фоч, автоматуэ—10.565, противотанковэ ружейуэ—137, автомашинэуэ—1.424, паровозуэ—9, гъущIгъуэгу вагонуэ икIи платформуэ—30, шыуэ—595, боеприпас, вооружение снаряжение, ирискъы щIэлъу склад—225.

Плен къащIащ немецкэ солдат, офицерми мини 5-м щIигъу.

Абы хуэду, **1-рей Прибалтийскэ** фронтым и дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам и кIуэцIкIэ немецхэм я боевой техникэмрэ я цIыху къарумрэ хэкIуэдыкIыныгъэу ирахьэкIар мэхъур: плен къащIауэ икIи укIыгъэу—мин 25, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—300, топ калибр зэщымыщхэу—626, минометуэ—326, пулеметуэ—2.102, автомашинэуэ—2.450.

А наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам, **3-рей Белорусскэ, 1-рей Прибалтийскэ** фронтитIыр зэдэIэпыкъужкIэрэ, къаухъуреихьахэщ икIи зэтраукIахэщ Витебскэ бийм и группировкэр икIи город **Витебск** къыщыIэщIагъэкIыжым, немецхэм хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ирахьэкIащ я нэхъыщхьэ техникэмрэ цIыху къарумрэ плен къащIауэ икIи уIэгъэу—мин 77, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—496, топ калибр зэщымыщхэу—2074, минометуэ—1130, пулеметуэ—6728, автомашинэуэ—7590.

СОВИНФОРМБЮРО.

Проф. КОКИЕВ.

АДЫГЭ НАРОДЫМ И ИСТОРИК ШОРЭ НОГМОВ

Адыгэ народым и историк щIэ илъу, политикэкIэ къарууфIэу кIыхьагъэпэщыным яужь ита пщы закъуэтIакъуэхэм я лажьэгъэм. Абы яужь итащ XVI-нэ лIэщIыгъэм и пэщIэдзэм пщихэу Идар и къуэ Темрыкъуэрэ, Къазий и къуэ Хьэтlэжыкъуэрэ. Нэгумэм зэрыжиIэм хэдэу Хьэтlэжыкъуэр „сыт хуэдэ лъэпэу—щхьэпэхуэм щхьэкIэ къэмынэу быдагъэ хэлъу, къару псори иприхьэлIауэ яужь итащ адыгэпщхэмрэ уэркъхэмрэ, абыгъэпщхэмрэ къэралъхьэлъхьымрэ яку дэлъа кIэ зимыIэж зэныкъуэкъуныгъэр, зэзауэжыныр, зэригъэувыIэн амалхэр къызэригупшысыным". Ауэ ар зыхущIэкъуа псоми зыри кIэкIакъым. Къэбэрдейр зы пщым и Iэмыщ1э илъу щытынигъэр зымыдэ пщихэр гуп зэрызэрыгъэхъуам кIыхэкIкIэ. А пщэхэм я политикэ мыхъумыщIэм Къэбэрдейр хуиIащ тIууэ — Къэбэрдейшхуэрэ, Тэрч адырыщIу зэгуэкIыныгъэм „айтIури аргуэру Iыхьэ-Iыхьэурэ гуэшыжауэ щытынигъэм. Феодальнэ Iэтащхьэхэу зи хэку епщIыжахэм зэранигъэу кIэщар зыхуэдизым тепсэлъыхьурэ Нэгумэм итхащ а зэманым къэбэрдейпщIыр „зауэ пщыIэ зэбгырыдзэм ещхьу, абыхэм щыщ дэтхэнэ зыми Iэщэ кIищтэра и мылъкур ихъумэжу" зэрыщытар икIи „зэхъуэкIыныгъэ инхэр кIэщыхъуну дакъикъэр гуэнагъу къэхъуауэ, ар къэхъугъамэ Къэбэрдейр щхьэхуитыныгъэшхэ хъункIи хъуну" щытауэ.

Арщхьэкlэ, куэд дэмыкIыу Къэбэрдейр политикэ зыкъэIэтыныгъэм хуэкIуащ, адыгэщ1 Идар и къуэ Темырыкъуэ пщыуэ ува нэужым. Ар къэрал кIуэщI, къэрал щIэб бийхэм папщIэкIэ шынагъуэу ухащ. Нэгумэм къызэрыжиIэм хуэдэу, пщы Темырыкъуэм „Къэбэрдейм къытеуэурэ зыгъэпIейтейуэ щыта къалмыкъхэмрэ татархэмрэ жыIэщIэ ищIащ", „зы лъэгъажэ зуэрым а народитIми кIэ щаритащ".

Къалмыкъхэмрэ татархэмрэ адыгэщIым ирихужьи Темрыкъуэ пщыр яужь ихьащ къэралым и къарухэр Къэбэрдейм и бий къанлым, шынагъуэм—султанскэ Туркмэрэ абы и блыгуIэт Крым хьэнымрэ ебэныгъэх хуэзощIигъэуIуэу. А зэманым политикэ лъэныкъуэшхуэу щыта Темырыкъуэ пщым къытурыIуащ хэкур Iыхьэурэ зэпылъуэ пщыхэр зэныкъуэкъуу зэрыщытым кIыхэкIкIэ нэгъуэщI зыгуэр къадэмыIэщыкъуу адыгэхэр хамэщI къикIа хъунщIакIуэ шынагъуэхэм зэрапэмыльэщынур. ИкIи абы дипломатическэ пыщIэныгъэр Московскэ государствэм бидэу иречIылIэр, ар благъэ кIыхуохъу. Ар и дэIэпыкъуэгъуу Темрыкъуэ и мурадащ къэбэрдейцIым щыIэ бийхэмрэ хамэщI къикIа бийхэмрэ иIэ яритыну.

Московскэ государствэм хуиIэ политическэ, блэгъагъэ пышIэныгъэм Къэбэрдейм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Абы а лъэкъэнэм мылъкукIи, политикэкIи нэхъ зыужьыныгъэ иГуэтауэ щытащ. Адыгэ народыр ехъуэхъуащ урыс народым гъунэгъу зэрыхуэхъуам. Нэгумэм етхыр адыгэ „народыр урысейм зэрыгуэхьам, ар зэрынителъхьам иригуфIауэ".

Къэбэрдеймрэ Московскэ государствэмрэ зыхуэIэ хъуэзэныбжьагъу зэхущытыкIэр Темрыкъуэ пщыр лIа нэужьми зэпыуакъым. Московскэ зауэлIхэр ягъусэу адыгэхэм мызэ мытIэу зэпаудащ Тыркумрэ Кърымымрэ ирагъэкIуэкIа теуэныгъэр.

Къэбэрдейр зыуэ зэкъуэгу щIынымкIэ Темрыкъуэ пщым и политикэр Жанхъуэтхэ Кьетыкъуэ и къуэ Беслъэн иригъэкIуэкIащ, абы хэкум Iуэ хугъуащIэхэр къыралъхьащ. Абы Къэбэрдейм третейскэ судхэр кIыщызэригъэпащащ. Абы хыхьэрт народым щыщу хаха лIыкIуэхэмрэ зауэ зэкъуэт пщы властыр зыфIэфI уэркъхэм щыщхэмрэ. Третейскэ судым суд ищIэрт участкэ зиIэ пщы нэхъыщхэр и тхьэмадэу. Пщым игъэува хабзэхэр зымыгъэзащIэ псоми къуэды тралъхьэу Жанхъуэтхэ Беслъэн игъэуващ. Третейскэ судым щIыхухэр пщы уэркъкIэ зэхэгъэж ищIыртэкъым. Хэкумрэ народымрэ епщIыжмэ адыгэ пщыхэм Жанхъуэтхэ Беслъэн и унафэкIэ пщы цIэр Iахырти адыгэщIым ирахурт.

А псори, абы хуэдэ къабзэу. Тыркумрэ Кърымымрэ кIыкIа залимзехьэхэм адыгэ народым къытралъхьауэ щыта бэлыхьхэри Нэгумэм гъуэзэджэу, история и лъэныкъуэкIи пэжу къэжеIэж.

Урыс историческэ щIэныгъэу адыгэ историк япэрейм и лэжьыгъэ кIуэдыпIэ зи мыIэм пщIэшхуэ хуэзыщIам хуэфащэу итхащ „хъибар кIуэдыжхэр имыгъэкIуэдыжу елэжьа щIыхум и фIыщIэр абы и хэку щалъхуахэм дэнэ къэна, атIэ, щIыхум и псэукIам теуха дэтхэнэ напэми щIэ хуэзыщI псоми нэсу ягъэлъагэи хуейуэ".

Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэ кIуэдыжыпIэ зимыIэм адыгэ народым и историем пащIэкIэ иIэ пщIэр пхужымыIэжын хуэдизщ.

И НАРОДЫМРЭ И ХЭКУМРЭ ФIЫУЭ ЗЫЛЪАГЪУЖ

Г. Ф. ТУРЧАНИНОВ.

(КIэух.)

КъыжыIэн хуейщ Нэгумэ Шорэ хэлъ патриотизмэмкIэ и Iуэхум езым и лъэпкъым и Iуэхум кIыщмыуыIауэ. Абы къалэну игъэувауэ щытащ амал имыIэу урыс народым, абы и культурэм, абы и щIэныгъэм пышIауэ щытынигъэр.

Езым и бзэм абы хуиIа щытыкIэр а ищхьэкIэ къыжытIа жьудейм мыхъуу нэгъуэщI Iуэхугъуэ гъуэзэджэхэми къагъэдэгъуэр. Ар ищхьэкIэ хэту 1841 гъэм къэбэрдей цIыхухэм я лIыкIуэхэм лъэбакъуэ ин ячауэ щытащ Нальчик еджапIэ кIыщызэгъэпэщынигъэ Iуэхум теухуауэ. Пэжщ а зэманым щыгъуэ а еджапIэм щыригъэджэну ямурадар пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я сабий къудейхэрщ. Абы щырагъэджыну Нэгумэ Шорэ игугъащ бзитI: къэбэрдейбзэмрэ урысыбзэмрэ.

Абы хуэдэ къабзэу езым и народым и историер 1843 гъэм зэхилъхьэри Iэрытхым инэ едзыгъуэ псалъэхэм абы щитхащ: „А Iуэхур гъэзэщIэныгъэм иужь сыщихьэм сэ мураду сиIащ, япэрару, щIэныгъэ яIэу Урысейм яс цIыхухэм гулъытэ зихуэгъэзыну, етIуанэу, яфIэфIу щIэныгъэкIэ лажьэныгъэм си хэку щалъхуахэр есцIэлIэну, иджыри къэс ахэр а Iуэхум нэмыплъ прату хущытхэщ, ауэ зы зэман гуэрым а лажьыгъэм абыхэм къахуихьынщ нэхъгъэмрэ щIэныгъэмрэ яхэлъ сэбэпныгъэ псори".

Нэгумэ Шорэ хэлъ патриотизмэм ирикIийуэ щытакъым. Ар и бгъэм зэикI еуэжакъым езым и народымрэ и хэкумрэ хьэлэлу зэрыбгъэдэтымкIэ нрахуIэу псалъэ быдэ итатакъым. Абы патриотизмэ зэрыхэлъам цыхьэт тохъуэхыр ар емызэщыжу щIэныгъэрэ Iезгъэрэ зехьэныгъэ Iуэхум зрелэжьар. Езым къалэн къыпэщытхэр быдэу зэхищIыкIажу, зыIут къулыкъумэ къыщырат къалэнхэри фIыуэ игъэзащIэурэ, Къэбэрдейм щытыкIэфI къыхуаIэу уэрэд армэм хэта офицер нэхъыщхэ зэрыхэм гулъытэныгъэрэ зэхэщIыкIыныгъэрэ къыхуаIэныгъэ абы зыIэригъэхьащ.

А гулъытэныгъэ кынгъасэбэпурэ, абы емыжыжьу япэкIи игъэкIуэтащ езым иригъэжьа Iуэху иныр. Езыр-езыру зэныкъуэкъуныгъэмрэ зэзауэныгъэмрэ зэхашIыкIа Къэбэрдейм урыс народ инымрэ абы и культурэмрэ и щIэныгъэмрэ гуэхьа зэрыхъуну гъуэгур къигъуэтыным абы къарэ куэд ирихьэлIащ.

А IуэхугъуэфIхэм зэрыщIэкъуам къагъэлъагъуэр Шорэ хэлъа патриотизмэр. Абы и патриотизмэр зытеухуауэ щытар и хугъэмрэ щIэныгъэмрэ и сэбэпыр народым ищIэныр арт, абы и щIэблэ еджакIуэхэм фIыщIэ къыхуащIар ягу къэкIыжыныгъэр арт. Ленинымрэ Сталинымрэ я щIэныгъэ инхэмкIэ къэувыкI Родинэм и патриот Нэгумэ Шорэ иджы абы и щIэблэхэм ягу къагъэкIыжыр икъукIэ щIыхьыныхуэ хуащIу.

(Пэ щIэдзэм дж газет №71-м емп)

Италиям зауэ щекIуэкIыр

ЛОНДОН, июным и 30-м (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэм я штабым къырегъэхьыр, Тразименскэ гуэлым и позицэ къэкIыпIалIуэкIэ, кIуачIэлIауэкIэ бийм и зигъэпэныгъэхэр зэпащIащ, Италиям щыIэ союзнэ армиехэр гуэлым и кIуачIэлIуэкIэ кIуэтахэщ.

5-рей армиям я частхэр псынщIу фронт иным инэкIэ кIуэтахэщ икIи иджи пэгъунэгъу хохъухэр (Италиям и псыIуфэ къуэкIэпIэмкIэ, Ливорно и инщIыгуэкIэ). Иджы ахэр Сиены и инщIыгуэкIэ километрэ 28-кIэ пэгъунэгъущ.

8-рей армиям и частхэр къэралым и кIуэцIкIэ нэхъри хэкIуэтащ. щIыпIэ гугъуэхэр къалъэщкIэрэ, инэкIэ мэкIуэтэхэр икIи къащтащ город Костильоне дель Лаго, махуэ куэдым и кIуэцIкIэ немецкэм обороныть ящIар. Абы кIэнамыщIу, къащтащ город Монтепульчано (Тразильскэ гуэлым и къуэкIэпIалIуэкIэ). абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэхэрикI.

Дыгъуасэ союзникхэм я самолетхэр Италиям, Югославиям щыIэ бийм и военнэ объектхэм теуащ.

ФIыуэ пщIэныр ирагъэкIуэкIыр

Хьэбэз районым щыщ „Пролетарий" зищIэ колхозым и кIуэцIкIэ хадэпщIэным ехъулIэныгъэ хэлъу прагъэкIуэкIыр. А колхозым и кIуэцIкIэ папшынычэр иныгъщ 1-рей бригадэм щыщ звеньевая Шакова Марян и звеном. Абы и звеном махуэ къэсыхукIэ я нормэ 0,15 гектарым инIэкIэ 0,25—0,30 япщIэхэр къабзэныгъэр, фIагъыр хэлъу.

2-рей бригадэм и бригадир Мамбетов Али лажьыгъэу бригадэм иIэ гектар 185-р пшIэн яхащ. ФIыуэ мапщIэр щапхъэфIхэр къигъэлъагъуэу Братова Жансурат и звенор. А звеном и кIуэцIкIэ я нормэм инIэкIэ гектар 0,25—0,27 япщIэхэр. А бригадэм кIэртоф пщIэнри ихащ.

1-рей бригадэмрэ 2-рей бригадэмрэ социалистическэ зэхъэзэхуэ зэдащIуэ мылажьэхэр. Бригадирхэр фIыуэ пылъщ хадэпщIэныр пIалъэ къэщIкIэ зэраухынум икIи мы гъэм лажьыгъэ бэм къызэралъэщынум.

Ди авиацияр гъущIгъуэгу Барановичи, Луникец, Минск, Полоцк ятеуэныгъэмкIэ

Июным и 29-м и жэщым ди авиацияр хуабжьу теуащ Барановичи, Лунинец, Минск, Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэм.

Барановичи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм щытеуэм щыгъуэ эшелон куэд тетащ дзэхэр ярысу, военнэ техникэр ярылъу. ГъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм бомбакIэ теуэныгъэм къыхэкIкIэ нафIэс 15-м нэс къэхъащ. Летчикхэм ялъэгъуащ эшелонхэр, военнэ складхэр зэрысахэр. Лунинец гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм деж эшелоницI нафIэм ирагъэсащ.

Псом хуэмыду хуабжьу теуащ ди авиацияр Минск гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм. ГъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм и щIым и нэхъыбапIэр нафIэм зэщIищтащ. Эшелонхэр, военнэ складхэр сахэщ. Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм деж, бомбэкIэ зэрытеуам щхьэкIэ, нафIэсих къэхъуащ, къэуэжыныгъэшхуэ щIэту

БУ 00222 Редакциям и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов